

## Repa Bezwèn Espesyal nan CCFP

### Modifikasyon nan Manje akòz Andikap oswa Preferans

Dwe gen yon modifikasyon rezonab ki fèt pou timoun ki gen andikap ki gen restriksyon nan rejim alimantè yo. Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 defini yon moun ki gen yon andikap kòm nenpòt moun ki gen yon andikap fizik oswa mantal ki limite anpil youn oswa plis aktivite enpòtan nan lavi li, ki gen yon dosye ki endike li gen andikap sa a, oswa yo konsidere kòm yon moun ki gen andikap sa a. Aktivite enpòtan nan lavi a gen ladan yo kapasite pou manje, dijere, ak plis toujou.

*Pifò andikap fizik ak mantal ap konsidere kòm yon andikap.* Egzanp yon andikap kapab dyabèt, alèji ak yon manje oswa pa ka tolere yon manje, reta nan devlopman, oswa otis.

Yon pwoblèm fizik oswa mantal pa bezwen menase lavi moun nan pou yo konsidere li kòm yon andikap. Pa egzanp, yon alèji ak manje pa bezwen bay anafilaksis pou yo konsidere li yon andikap. Yo ka konsidere yon alèji ki pa menase lavi moun kòm yon andikap epi mande yon modifikasyon manje, si li afekte yon fonksyon kòporèl oswa lòt aktivite enpòtan lavi.

Yo ka konsidere andikap yon timoun kòm yon andikap tou menmsi medikaman oswa lòt mezi pou rezoud pwoblèm nan afekte andikap la.

Yo ka twouve gadri CCFP ki pa fè modifikasyon manje ki apwopriye pou timoun ak andikap yo vyole lwa dwa sivik Federal.

*Gadri CCFP yo dwe fè modifikasyon rezonab poutèt andikap kit gadri a prepare repa souplas oswa yo resevwa repa yon lòt konpayi prepare.*

Lè yo fè ranplasman epi yo pa respekte rejim alimantè a, yon deklarasyon medikal ap obligatwa epi yon doktè, asistan doktè (physician's assistant, PA), oswa enfimyè praktisyèn (nurse practitioner, ARNP). Tanpri sonje, gadri yo ka pa mete reta nan modifikasyon an pandan y ap tann deklarasyon medikal la, men yo dwe kòmanse fè modifikasyon rezonab la pou kenbe timoun nan an sekirite.

*Repa ak ranplasman ki satisfè tout kondisyon rejim alimantè yo ranbousab epi yon deklarasyon medikal pa nesesè.* Dwe gen yon nòt paran/responsab legal la nan dosye timoun nan. Li pa obligatwa, men nou ankouraje gadri CCFP yo fè modifikasyon nan manje si paran oswa timoun nan gen yon preferans.

### **Modifikasyon Andeyò Rejim Alimantè a**

Lè yo fè ranplasman epi yo pa respekte rejim alimantè a, yon deklarasyon medikal ap obligatwa. Nan sitiayson sa a, deklarasyon medikal la dwe gen bagay sa yo ladan:

- Deskripsyon pwoblèm fizik oswa mantal ki mete restriksyon sou rejim alimantè timoun nan.
- Yon eksplikasyon sa ki dwe fèt pou akomode andikap la, pa egzanp, lis manje yo pa dwe bay ak manje yo dwe ranplase oswa nenpòt ekipman manje adaptiv ki nesesè.
- Siyati yon doktè ki gen lisans, asistan doktè (PA), oswa enfimyè praktisyèn (ARNP).

Yon paran / responsab legal ka bay *youn oswa plis* eleman nan repa ki ranbousab la toutotan gadri a bay omwen yon eleman manje obligatwa.

Gadri a pa ka mande pou paran yo pote nan ranplasan yo.

## **Repa Bezwen Espesyal nan CCFP**

Modifikasyon nan Manje akòz Andikap oswa Preferans

### **Modifikasyon Andedan Rejim Alimantè a**

*Repa ak ranplasman ki satisfè tout kondisyon rejim alimantè yo rambousab epi yon deklarasyon medikal pa nesesè. Dwe gen yon mesaj paran/responsab legal la nan dosye timoun nan. Li pa obligatwa, men nou ankouraje gadri CCFP yo fè modifikasyon nan manje si paran oswa timoun nan gen yon preferans.*

Demann pou modifikasyon ka fèt akòz preferans (eg preferans reliye oswa vejatarism). Nou ankouraje gadri yo pou yo aksepte demann akòz preferans, men yo pa oblige fè sa. Pa egzanp, gadri a ka ranplase lèt san laktoz nan plas lèt bèf "regilye" oswa ranplase vyann pou yon timoun ki pa manje vyann.

Yon paran / responsab legal ka bay sèlman yon eleman nan repa ki rambousab la toutotan gadri a bay tout lòt eleman manje obligatwa yo. Paran dwe kapab jwenn kredi pou nenpòt eleman li bay.

Gadri a pa ka mande pou paran yo pote yon ranplasan manje.

#### **Ranplasan Lèt akòz preferans - lèt soya:**

Gadri yo oswa paran yo ka bay lèt soya ki gen menm valè nitrisyon ak eleman lèt likid ki nan rejim alimantè a. Pou repa a ka rambousab, bwason an dwe nan Lis Ranplasan Lèt Gadri Apwouve pou Timoun 1 Lane oswa Pi Gran (*CCFP Approved Milk Substitution List for Children Ages 1 and Older*) sou sitwèb CCFP a anba Bezwen pou Nitrisyon ak Planifikasyon Meni/Rejim Espesyal nan [www.flhealth.gov/ccfp/](http://www.flhealth.gov/ccfp/)

Nou dwe kenbe bagay sa yo nan dosye timoun nan:

- Yon korespondans paran / responsab legal la mande yon lèt soya ki gen menm valè nitrisyon nesesè si pa gen okenn deklarasyon medikal nan dosye li. Korespondans la dwe endike si paran / responsab legal lan oswa gadri an ap bay lèt ranplasan la.

Si paran / responsab legal lan *pito* bay lèt soya ki apwouve a, li dwe nan vesò orijinal la epi mete non timoun lan sou li. Gadri a pa ka mande pou paran yo pote nan ranplasan yo.

**Tout lòt lèt ranplasman (pa eqzanp, lèt zanmann, lèt diri, lèt kokoye):** Lèt sa yo pa gen menm valè nitrisyon ak lèt bèf epi yo pa bezwen yon deklarasyon medikal pou sèvi nan yon repa ki rambousab.

*Nou ankouraje gadri yo pou yo kontakte seksyon nitrisyon nan biwo eta a nan 850-245-4323 pou asistans avèk modifikasyon manje akòz andikap oswa preferans.*